


Aplikasyon IDNYC
 Pou aplikan ki gen omwen 14zan


Nimewo IDNYC mwen se:

--	--	--	--	--	--	--	--	--	--	--	--	--

Tanpri enprime li klè

MODÈL APLIKASYON -CHWAZI YOUN

Nouvo Aplikasyon: Premye Aplikasyon pou IDNYC. Kat la ekspire depi plis ke 6 mwa.

Renouvelman (Kat la ap ekspire nan 60 jou oswa li te ekspire depi mwens) **Aplike Ankò:** (Ou pa te janm resevwa kat la epi ou bezwen aplike ankò.)

Kat Aktyalize: Mwen bezwen mete ajou enfòmasyon ki sou kat mwen an (Ou dwe pote kat IDNYC ekspire a nan sant enskripsyon.)

Ka Ranplasman: Pèdi/volè/domaje/detwi (Gen yon frè \$ 10, sòf si aplikan an siyen yon egzanpsyon akòz gwo difikilte. Ou ka peye an liy avan ou soumèt aplikasyon sa a. Pou peye an pèsòn, ou dwe soumèt aplikasyon ou a nan yon Sant Enskripsyon IDNYC ki nan Depatman Finans. Pou jwenn plis enfòmasyon ale sou sitwèb: www.nyc.gov/idnyc.)

ENFÒMASYON SOU APLIKAN AN

Tcheke la si w ap aplike ak yon Gadyen

1. Prenon(yo):

2. Dezyèm Prenon:

3. Non Fanmi(yo):

4. Dat Nesans: / / **5. Koulè zye:** MAWON NWAZÈT NWA BLE VÈT GRI PLIZYÈ KOULÈ

6. Wotè: PYE POUS **7. Sèks:** FI GASON X (PA NI FI NI GASON) PA CHWAZI

8. Imèl: Imèl ou/telefòn ou yo pral itilize pou rezon entènn sèlman **9. Telefòn:** - -

10. Lang Prefere (Ak ASL ladan) Jiska 2: _____

11. Veteran: Tcheke la si ou se yon veteran ki te sèvi nan Fòs Lame Etazini, Gad Nasional, oswa Rezèv epi ou ta renmen. gen "Veteran" enprime sou devan kat la

12. **Rejis Don Lavi:** Pou w enskri nan Rejis Don Lavi nan Depatman Sante Eta New York (New York State Department of Health, NYS DOH), tcheke ti kare "wi" a, epi siyen non ou. Ou konfime ou gen 16zan oswa ou pi gran; ou bay konsantman w pou fè don tout ògàn ak tisi ou pou transplantasyon ak rechèch; sa ki bay Vil New York otorizasyon pou transfere non ou bay NYS DOH ak enfòmasyon ki idantifye ou pou enskripsyon; epi ki bay NYS DOH otorizasyon, lè ou mouri, pou bay aksè nan enfòmasyon sa yo bay òganizasyon don ògàn ki anba kontwòl règlementasyon federal epi bank tisi ak zye ak lopital ki gen lisans nan Eta New York. "Donatè Ògàn (Organ Donor)" ap enprime sou devan kat ou an. Pou kapab kalifye, se pou, kat ou dwe gen yon adres ki make sou li. Ou pral resevwa yon lèt konfirmasyon ak lòt enfòmasyon anplis ki soti nan NYS DOH, ki pral bay yon posiblite pou mete limit nan don ou an.

Èske gen 16zan oswa pi plis, epi ou ta renmen yo enskri w nan Rejis Don Lavi a? Wi:

/ / / / /

SIYATI KONSANTMAN DONATÈ A: _____

ADRÈS

13. Nimewo ak ri: **Nimewo Apatman/Etaj/Ri/Inite/Rm.**

Vil: **Eta:** **Kòd Postal:**

Minisipalite (tcheke youn): BRONX BROOKLYN MANHATTAN QUEENS STATEN ISLAND

14. Bay yon kontak ljans sou kat la: (Pa Obligatwa)

Telefòn: - -

PRENON

NON FANMI

SÈTIKASYON

15. **SÈTIKASYON APLIKAN AK GADYEN AN (SI APLIKAB):** Mwen deklare aplikan an ap viv nan Vil Nouyòk (City of New York) epi tout dokiman mwen soumèt yo ak deklarasyon yo mwen te fè sou aplikasyon sa a kòrèk daprè tout sa mwen konnen. Mwen sètiye lè mwen siyen aplikasyon sa a, mwen dakò pou yo mennen yon ankèt k ap fèt nan Vil New York pou verifye oswa konfime enfòmasyon mwen te soumèt yo. Mwen konprann envestigasyon sa a kapab bay IDNYC aksè nan sèten enfòmasyon sou mwen nan Depatman Sèvis Sosyal Vil Nouyòk (New York City) oswa nan lòt ajans Vil la, ki gen ladan men ki pa limite ak enfòmasyon sou asistans publik.

/ / / / /

Siyati Aplikan an

Siyati Gadyen an (si posib)

Dat Jodi a

Aplikasyon apwobasyon depann sou yon kantite dokiman ki soumèt ki sifi ak egzat.

OFFICIAL USE ONLY	Date: _____	C/O: _____	NAME OF CARE-OF ORGANIZATION	<input type="checkbox"/> Omit Address
------------------------------	-------------	------------	------------------------------	---------------------------------------

Enstriksyon Aplikasyon IDNYC yo

OU DWE RANPLI KRITÈ SA YO POU APLIKE POU YON KAT IDNYC:

1. Omwen 4 pwen dokiman, ki gen ladann omwen 3 pwen ki pouve idantite ak 1 pwen ki pwouve rezidans.
2. Omwen 1 nan dokiman ki te soumèt yo ki dwe gen yon foto, sof si yon gadyen akonpanye aplikan an.
3. Omwen 1 nan dokiman ki te soumèt ki dwe gen ladan li dat nesans.

Okenn dokiman ekspire pa akseptab sof si yo mansyone espesyalman nan Gid Dokiman IDNYC.

Sèlman dokiman orijinal yo ak kopi ajans ki bay yo an ki sètifye ki akseptab; y ap aksepte dokiman ki plastifye yo sèlman si orijinal la te tou fèt ak yon kouvèti plastik sou li.

KONSISTANS NAN NON YO

Non yo ki sou tout dokiman ou yo dwe annakò youn ak lòt. Non ki sou aplikasyon IDNYC ou an dwe menm ak sa ki sou dokiman prèv idantite ou ki gen pi gwo valè a (tankou paspò ou, lisans pou kondwi, batistè, Identifikasiyon konsila, elatriye), sof si ou bay yon lòd tribinal tou, sètifikasi maryaj, oswa yon lòt dokiman leta bay ki tabli yon chanjman legal nan non ou. Yon aplikan prezante de (2) dokiman idantite ki vo yon kantite egal na aktivite an, aplikasyon IDNYC dwe montre non an nan dokiman ki gen yon foto ladan li.

LAJ APLIKAN KI ANT 14-21NAN LAJ KI PA GEN IDANTIFIKASYON AK FOTO OSWA PRÈV ADRÈS

Yon aplikan ki gen ant 14 ak 21 lane san yon foto idantifikasiyon oswa prèv rezidans ka aplike si yon gadyen k ap akonpaye li ka demontre prèv relasyon li ak aplikan an. Yon gadyen ki kalifye se yon paran nan san, paran adoptif, boparan, gadyen legal, reprezantan legal, paran fanmi akèy, yon anplwaye otorize nan Administrasyon pou Sèvis Timoun nan Vil New York (NYC Administration for Children's Services, ACS) oswa yon ajans fanmi akèy ACS, osinon yon esponnsò majè pou yon minè, Biwo pou Re-Entegrasyon Refijye (Office of Refugee Resettlement) nan Depatman Sante ak Sèvis Sosyal Etazini (U.S. Department of Health and Human Services).

APLIKAN YO AVÈK ANDIKAP YO KI PA GEN FOTO IDANTIFIKASYON OSWA PRÈV RESIDANS

Kèlkeswa laj, yon aplikan ki gen yon andikap ki manke foto idantifikasiyon oswa prèv adrès kapab aplike si yon gadyen akonpaye li ka demontre prèv relasyon li ak aplikan an. Gadyen ki elijib pou aplikan yo ki gen nenpòt laj gen ladan: **anplwaye otorize** Biwo Eta New York pou Moun ki Gen Andikap Devlòpmantal (OPWDD), Depatman Sante Eta New York (NYS DOH), Biwo Sante Mantal Eta New York (NYS OMH) oubyen Depatman Sante ak Sante Mantal (NYC DOHMH), ACS, bay yon ajans adoptif ACS, oswa yon founisè OPWDD, NYS DOH oswa NYC DOHMH, ki gen ladan **li anplwaye nan sant sèvis rezidansyèl** operasyonèl, sètifye, lisansye oswa OPWDD finanse, NYS OMH, NYS DOH oswa NYC DOHMH; **moun ki ko-abite nan menm kay ak aplikan** an OPWDD te detèmine li se yon moun ki gen yon andikap devlòpmantal; oswa yon reprezantan Benefisyè Sekirite Sosyal yon aplikan.

TOUT APLIKAN K AP APLIKE AVÈK YON GADYEN

Gadyen an dwe bay omwen 2 dokiman ki pwouve idantite aplikan an, ki gen ladan li dat nesans. Aplikan an ak gadyen an dwe bay prèv sou relasyon ki gen ant yo, jan sa endike nan seksyon gadyen ki nan Gid Dokiman IDNYC. Gadyen an dwe bay omwen 3 dokiman ki pwouve idantite yo, ki gen ladan li, idantifikasiyon ki gen foto ladan li. Si aplikan an pa gen yon prèv dokiman kote li abite epi ap viv ak yon gadyen, gadyen sa ka etabli pwòp prèv rezidans pa li, lè i sèvi avèk youn nan dokiman rezidans yo ki nan lis IDNYC Gid Dokiman epi li bay yon atestasyon aplikan an abite ak gadyen an. Tout gadyen yo dwe siyen aplikasyon IDNYC a. Anplwaye k ap aji tankou gadyen yo dwe prezante kat idantifikasiyon anplwaye yo.

REZIDANS POU APLIKAN YO KI PA GEN KOTE POU YO ABITE OSWA MOUN KI VIKTIM VYOLANS NAN KAY

Yon aplikan ki abite nan yon abri pwovizwa ki pa gen kay ka bay yon lèt ak adrès chèltè pwovizwa sa a, ki deklare yo te abite la pou omwen 15 jou epi abri a pèmèt rezidan yo rete nan rezidans la pou omwen 30 jou. Adrès Chèltè Pwovizwa a pral parèt nan kat lan. Yon aplikan ki pa gen yon adrès kay oswa se yon viktим vyolans nan kay ki oblige bay prèv kote I ap viv nan Vil New York, men li ka bay yon ôganizasyon benevòl oswa enstitisyon relijiye ki gen adrès ki pral parèt sou kat la kòm adrès anplikan an; oswa, soti adrès la nan kat. Kat IDNYC ki pa montre yon adrès, oswa ki montre yon adrès pou swen, pa ka aksepte nan sèten sikonstans.

Yon aplikan ki bay prèv yo fè pati nan Pwogram Konfidansyalite Eta New York (NYS Address Confidentiality Program) oswa ki abite nan yon chèltè pwovizwa nan Vil New York (NYC) pou moun ki viktим vyolans nan kay dwe pwouve yo abite nan Vil New York. Kat IDNYC yo an ka montre Bwat Postal lan oubyen li pa pral montre okenn adrès ditou.

KLASIFIKASYON KÒM VETERAN

Si ou bezwen asistans pou jwenn prèv sèvis militè ou, Depatman Sèvis Veteran nan Vil New York (NYC) ka ede w. Ou ka rive jwenn yo sou entènèt nan www.nyc.gov/veterans, oswa si w rele nan 311.

RENOUVÈLMAN KAT IDNYC

Kat IDNYC yo valab pou renouvèlmán kòmanse 60 jou anvan dat ekspirasyon kat la. Peryòd renouvèlmán an kòmanse 60 jou anvan ekspirasyon kat la epi li fini 6 mwa apre. Yon moun ki bezwen renouvre yon kat ki eksipre plis ke 6 mwa pase dat ekspirasyon an pral trete kòm yon nouvo aplikan. Tanpri ale nan yon Sant Enskripsyon IDNYC pou jwenn èd ak renouvèlmán kat.

KAT RANPLASMAN

Yon aplikasyon pou ranplase yon kat ki pèdi, yo volè, oswa domaje ap peye yon frè \$ 10, sof si aplikan an siyen yon renonsyasyon pou difikilte oswa yon dokiman ofisyèl ki pwouve yo te volè kat yo. Peman pou kat ranplasman yo dwe fèt nan yon Sant Enskripsyon Depatman Finans IDNYC.